

9

desanm

Fè atansyon ! Paske se pa anpil byen ki garanti lavi yon nonm, li te mèt rich kont kò li. Lik 12. 15

Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo. Kote vòlè k ap vòlè yo, pote yo ale... okontrè anpile richès nou nan syèl la.

Matye 6. 19, 20

Lajan pa garanti lavi yon nonm

“Se lajan ki pèmèt yo fè tout bagay sa yo” (Eklezyas 10. 19). Men, “anpile anpil” pa garanti lavi yon nonm. Anpil ekono-mis ki gen gwo renome te rive poze kesyon sa a : “eske ou ta viv pi alèz si ou te gen plis lajan?”. Analiz repons sa a klè : pou moun ki rich yo, posèsyon ak itilizasyon bagay materyèl yo pa fè yon moun santi ou pi byennere okontrè, libète ak distraksyon yo fè yo gen plis estrès.

Yon konklizyon konsa, ka fè anpil moun etone. Lòm se viktim yon ilizyon : li santi li ta pi alèz si li posede plis byen materyèl, poutan lajan pa fè moun byennere. Sa fè lontan, Bib la te tire dyagnostik anba kout bik yon nonm ki te rich anpil : “Pa t gen anyen kè m te anvi mwen pa t posede ; mwen pa t refize okenn plezi. Mwen te kontan wè tou sa m travay fè”. Men kisa li te dekouvri aprè tou sa ? – “Ebyen ! Mwen jwenn sa pa t vo anyen. Anyen pa rapòte anyen” (Ekle-zyas 2. 10, 11).

Alò, vè kisa nou dwe tounen ? – Nou dwe tounen nan ri-chès toutbon an : Sali pou nanm nan, lapè avèk Bondye gra-sak Senyè Jezi Kris, lavi ki pap janm fini an, lanmou Bondye. Kòman ou ka rive genyen li ? – Se Bondye ki fè moun kado lavi ki pap janm fini an, nan Bib la : “mwen gen kè kontan nan pawòl ou tankou se yon moun ki jwenn yon gwo richès” (Sòm 119. 162). E pou lavi kounye a, Jezi di disip li yo : “Papa nou ki nan syèl la konnen nou bezwen tout bagay sa yo ; pito nou chache bay bagay ki nan peyi wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou” (Matye 6. 32, 33).

9

décembre

Quelqu'un a beau être dans l'abondance, sa vie ne dépend pas de ses biens. Luc 12. 15

Ne vous amassez pas des trésors sur la terre,... mais amassez-vous des trésors dans le ciel.

Matthieu 6. 19, 20

L'argent ne fait pas le bonheur

“L'argent répond à tout” (Ecclésiaste 10. 19). Mais “gagner plus” ne garantit pas le bonheur. Des économistes de renom ont posé la question : “Seriez-vous plus heureux si vous étiez plus riche ?”. L'analyse des réponses est claire : pour les gens aisés, la consommation des biens matériels n'accroît pas la sensation de bien-être ; au contraire, leurs loisirs sont plutôt générateurs de tension et de stress.

Une telle conclusion peut paraître surprenante. L'homme est victime, en fait, d'une illusion : il ressent du plaisir à la pensée de posséder plus d'argent, mais celui-ci ne lui procure pas le bonheur. Il y a longtemps que la Bible a posé ce diagnostic, par la plume d'un roi extrêmement riche : “Quoi que mes yeux aient désiré, je ne les en ai point privés ; je n'ai refusé à mon cœur aucune joie”. Mais quel bilan tire-t-il ? – “Voici, tout était vanité et poursuite du vent” (Ecclésiaste 2. 10, 11).

Alors, vers quoi se tourner ? – Vers les vraies richesses : le salut de l'âme, la paix avec Dieu par notre Seigneur Jésus Christ, la vie éternelle, l'amour de Dieu. Comment les acquérir ? – Elles sont offertes par Dieu, dans la Bible : “J'ai de la joie en ta Parole, comme un homme qui trouve un grand butin” (Psaume 119. 162). Et pour la vie présente, Jésus dit à ses disciples : “Votre Père céleste sait que vous avez besoin de tout cela ; mais cherchez d'abord le royaume de Dieu et sa justice, et tout cela vous sera donné par-dessus” (Matthieu 6. 32, 33).